

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Calung mangrupa kasenian tradisional Sunda. Calung nya éta waditra anu ditabeuh sacara madeg mandiri, dijieun tina awi, ditabeuh kucara ditakolan bari dijingjing. Kiwari, calung jadi kasenian anu dipintonkeun pikeun hiburan masarakat Sunda. Seni calung anu dipintonkeun pikeun hiburan masarakat téh, dilengkepan ku vokal/lagu, guyon sarta ditambahan waditra kendang, suling, goong, saron, jeung bonang. Dina taun 1960, Ekik Barkah, Parmas Spk, salaku aktifis Kesenian UNPAD Bandung, naratas kasenian calung minangka kasenian tradisional anu hirup sarta sumebar di sabudeureun rahayat Sunda (Kubarsah, 1994, kc. 66). Calung jingjing anu dipaké dina pintonan, dijieun tina awi hideung, sarta biasana miboga laras salendro, laras pelog, jeung madenda (Soepandi & Sukanda, 1994, hal. 36). Calung jingjing miboga opat wangun nya éta calung kingking mangrupa calung méloidi, calung panempas mangrupa calung angkobpanyemen, calung jongjrong mangrupa calung pangiring atawa arkuh lagu, jeung calung gonggong mangrupa calung kolotomik (Saefulloh & Supandi, 1998, kc. 5).

Kasenian calung mangrupa salasihiji kasenian tradisional nu masih aya tur dipintonkeun di sabudeureun wewengkon Kota Sukabumi. Kasenian calung anu hirup di Kota Sukabumi, umumna mintonkeun guyon anu diseselkeun kana jero lagu, bari dilengkepan ku waditra calung, kendang, goong, saron, jeung bonang. Di Kota Sukabumi aya 'Group calung anu kakoncara nya éta calung 'Group Triyasa'. Sakumaha kasenian calung anu séjénna, calung 'Group Triyasa' mintonkeun sempal guyon ti para pamaén calung, anu diseselkeun kana jero lagu, bari mamawa calung minangka waditra pokona. Bédana calung 'Group Triyasa' jeung calung séjén nu aya di Kota Sukabumi, katitén tina ayana sosok "Si Aloy" di tengah-tengah carita calung, nu mintonkeun hiji caritaan ku sababaraha karakter sora. Sumebarna kasenian calung 'Group Triyasa' di Kota Sukabumi anu

ditaratas ku Deddy Mulyadinata dina 1 juni 1962, nepi ka kiwari masih hirup di masarakat Kota Sukabumi.

Calung mangrupa kasenian rahayat. Kasenian dina hakékatna mangrupa ide, warisan karuhun, jeung carita-carita rahayat nu sipatna éndah (Sujarno spk, 2003, kc. 13). Kasenian nya éta alat pikeun ngébréhkeun ide-ide, ajén, cita-cita jeung rasa (Raga, 2007, kc. 38). Nurutkeun Aristoteles (dina Bakker, 1984, kc. 47) kaéndahan kasenian mangrupa wangun tina daya cipta manusa anu spesifik.

Kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi miboga sipat éstétis sabab dirojong ku sababaraha unsur seni nya éta seni sora, seni musik, jeung seni rupa anu gumulung jadi karya seni tradisional tur teu leupas tina ajén-inajén kasundaan nu némbongkeun kaéndahan. Nurutkeun Djelantik (1999, kc. 9), éstétika nya éta élmu nu maluruh ngeunaan kaéndahan, medar sakabéh aspék nu disebut kaéndahan. Nurutkeun Sumardjo (2000, kc. 33), éstétika nya éta filsafat ngeunaan kaéndahan anu aya di alam jeung dina rupa-rupa barang seni hasil karya manusa.

Kamekaran jaman bisa mangaruhan kana hirup-huripna kasenian tradisional. Kasenian tradisional geus loba dipangaruhan ku bangsa deungeun. Ieu hal lantaran ngaronjatna pola pikir jeung pola kalakuan para nonoman anu ngarasa reueus kana kasenian deungeun bari teu maliré kana kasenian tradisional. Ieu hal balukar tina kurangna pangaweruh, minat, jeung aprésiasi para nonoman Sunda kana kasenian tradisional. Ku kituna, perlu ayana tarékah pikeun ngamumulé, ngariksa, ngaraksa kasenian tradisional sangkan tetep hirup sarta hurip napak dina lemahna. Tarékah pikeun ngawanohkeun kasenian calung ka para nonoman ditepikeun ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Pangaweruh ngeunaan kasenian bisa dicangking ku barudak di sakola tina pangajaran basa Sunda.

Pangajaran ngeunaan kabudayaan Sunda geus aya dina KIKD pangajaran basa jeung sastra Sunda. Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) mata pelajaran basa jeung sastra Sunda nurutkeun Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2013, kc. 25), mangrupa program pikeun ngaronjatkeun pangaweruh siswa dina kaparigelan ngagunakeun basa, jeung sikep nu hadé kana basa jeung sastra

Sunda, boh sacara lisan boh sacara tulisan. KIKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda kelas XI SMA/SMK/MA, maca bahasan ngeunaan budaya Sunda dina KD 11.2.2, KD 11.2.3, jeung KD 11.2.4 siswa dipiharep maham, nganalisis jeung nyusun teks bahasan budaya Sunda. Ku kituna, pangaweruh ngeunaan kabudayaan bisa kacangking tina maca bahasan kabudayaan Sunda anu bahan pangajaranana nya éta wacana bahasan anu patali jeung ajén éstétika kasenian calung.

Calung ‘Group Triyasa’ can aya nu nalungtik tina sisi akademis, panalungtikan anu geus aya ngeunaan kasenian réog dongkol, réog cengal, parebut sééng jeung raja dogar. Ieu judul panalungtikan ngeunaan kasenian anu geus aya: “Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol di Desa Karyamukti Kacamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMP Kelas IX” ku Novi Rosdiani; “Ajén Éstétika dina Kasenian Réog Cengal Kacamatan Japara Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMP Kelas IX” ku Lili Aliyanti; “Ajén Éstétika dina Kasenian Tradisi Parebut Sééng di Désa Kutajaya Kecamatan Cicurug Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII” ku Sandi Masri Putri; “Ajén Éstétika dina Seni Raja Dogar di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XII ku Marlina Efendi”.

Tina tilikan saméméhna, can aya panalungtikan ngeunaan kasenian calung ‘Group Triyasa’, ku kituna perlu ayana tarékah pikeun ngadokumentasikeun jeung ngaprésiasi. Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun deui kareueus jeung pangaweruh kana kasenian tradisional, ogé sangkan nonoman miboga tarékah pikeun ngaraksa tur ngariksa kasenian tradisional anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola. Hasil ieu panalungtikan dipiharep jadi salasahiji bahan ajar nu luyu jeung KIKD maca bahasan ngeunaan budaya pikeun siswa SMA kelas XI. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Ajén Éstétika Kasenian Calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XI” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu diébréhkeun di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) para nonoman anu aya di sabudeureun Kota Sukabumi kurang ngariksa tur ngariksa kasenian calung;
- 2) kurangna pangaweruh kana ajén éstétika nu nyampak dina kasenian calung;
- 3) kurangna bahan pangajaran maca bahasan ngeunaan kabudayaan Sunda pikeun SMA kelas XI.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, nya éta:

- 1) kumaha struktural kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi?
- 2) ajén éstétika naon waé nu nyampak dina kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi?
- 3) kumaha larapna hasil panalungtikan ngeunaan ajén éstétika kasenian calung ‘Group Triyasa’ pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XI?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun numuwuhkeun, ngariksa tur ngariksa kasenian tradisional nu aya di masarakat.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- 1) struktural kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi;

Elsa Agustyn, 2015

KASENIAN CALUNG ‘GROUP TRIYASA’ DI KOTA SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) ajén éstétika nu nyampak dina kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi;
- 3) larapna hasil panalungtikan ajén éstétika kasenian calung ‘Group Triyasa’ pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XI.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kasenian tradisional Sunda, hususna kasenian calung ‘Group Triyasa’ di Kota Sukabumi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan pikeun pihak-pihak dihandap ieu.

1) Panalungtik

Mangpaat praktis pikeun panalungtik nya éta nambahan pangalaman dina nganalisis jeung ngadokuméntasikeun kasenian calung sarta bisa maham kana ajén éstétika dina kasenian calung di Kota Sukabumi.

2) Guru

Mangpaat praktis pikeun guru nya éta parigel dina milih bahan pangajaran hususna anu aya patalina jeung bahan pangajaran maca bahasan nu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan SMA kelas XI di sakola.

3) Siswa

Mangpaat praktis pikeun siswa nya éta mikawanoh kabeungharan budaya Sunda, hususna kasenian calung di Kota Sukabumi.

4) Masarakat

Mangpaat praktis pikeun masarakat nya éta bisa mikanyaho kasenian daérahna sorangan, hususna kasenian calung di Kota Sukabumi.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, nya éta:

- 1) BAB I: Bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan;
- 2) BAB II: Kajian tiori. Dina ieu bab, dipedar ngeunaan tiori éstétika, kasenian calung, jeung bahan pangajaran maca bahasan;
- 3) BAB III: Méthode panalungtikan. Dina ieu bab, medar ngeunaan sumber data, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik ngolah data;
- 4) BAB IV: Analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan. Dina ieu bab, nganalisis jeung ngadéskripsikeun hasil panalungtikan ngeunaan struktural kasenian calung 'Group Triyasa', ajén éstétika kasenian calung 'Group Triyasa' jeung larapna bahan pangajaran maca bahasan budaya di SMA kelas XI ngeunaan kasenian calung 'Group Triyasa';
- 5) BAB V: Kacindekan jeung saran.